

## Rekiperasyon Siklòn: Ede Debby, Aprè Helene, ak Milton



Lè siklòn Debby, Helene, ak Milton te frape Florid ak sèlman kèk semèn entèval oparavan nan ane sa a, Citizens pa t ezite deplwaye toupatou nan eta a pou ede asire ki te pran kou anba siklòn yo ki te vini youn dèyè lòt.

Ansanm ak plizyè santèn ajistè endepandan ki te la pou egzamine reklamasyon Debby, Helene, ak Milton yo, volontè Citizens yo te la pou bay sipò – nan founi sèvis esansyel epi ede kominote yo rekonstwi, yon asire aprè lòt.

Citizens te mete sou pye Sant Repons Katastwòp (CRC) nan konte Pinellas, Pasco, ak Taylor pou travay sou reklamasyon yo, reponn kesyon, epi ekri chèk pou depans sibsistans tanporè. Citizens te mete ansanm ak Depatman Sèvis Finansye yo, sa ki te tabli vilaj asirans itil nan konte Hillsborough, Manatee, Pasco, Pinellas, ak Polk.

Pandan touletwa deplwaman yo, volontè yo te rankontre fas-a-fas ak asire yo, yo te reponn kesyon yo, yo te koute istwa boulvèsan yo, epi yo te seche dlo nan kèk je pandan viktim tanpèt yo te rakonte traka yo epi yo planifye pwochen etap yo.

“Sa trè rekonfòtan,” se te pawòl Ashley Hayes, yon Repezantan Sèvis Kliyan nan premye deplwaman katastròf li. “Ou santi ou beni aprè ou fin pale ak yon moun ki pèdi tout bagay. Wi, sa trè rekonfòtan.”

Pandan deplwaman yo, repezantan Citizens yo te rankontre plis pase 3,500 asire, trete prèske 2,500 reklamasyon, epi distribye plis pase \$4.1 milyon nan asistans tanporè. Sèvis ki te founi a kliyan an, poutan, te ale pi lwen ke chif yo.

Matt Bingham, Souskriptè Liy Pèsònèl Senior, te pale ak yon asire ki te evakye fanmi li pandan inondasyon Helene yo lè li flote pitit li yo sou yon kannòt atravè fenèt pa devan lakay li a. Chak asire te pataje eksperyans patikilye yo. Plis pase nenpòt bagay, Bingham te di li te la pou koute asire yo pandan yo t’ap fè fas ak evènman twomatik yo, pou anpil nan yo pou premye fwa.

“Sa se pati ki bay plis satisfaksyon nan travay la,” dapre Bingham. “Ou vrèman konnen ke ou fè yon enpak.”

Pandan deplwaman yo a, volontè di yo te sezi wè kapasite rezistans viktim tanpèt yo ki te chita anfas yo sou tab la.

“Moun yo nan zòn sa a enpresyonan,” dapre pawòl Kathy Colson, Manadjè Souskripsyon Liy Pèsònèl yo, pandan deplwaman li nan zòn Tampa. “Kèk nan moun sa yo te pèdi tout bagay, e mwen pa kwè mwen tande ankenn nan yo plenyen.”

Asire ki gen reklamasyon pou Debby, Helene, ak Milton ka swiv reklamasyon yo atravè myPolicy, Sant Apèl Citizens (866.411.2742), oswa atravè ajan asirans ki parèt nan kontra a.

## Pwoteje ak Prepare: Preparasyon Tout Lane



Ak sezon siklòn 2024 la k'ap fini an, ou ka gen tantasyon kite preparasyon tanpèt ou kanpe jiska ete pwochen.

Olye de sa, eseye konsidere preparasyon siklòn nan kòm yon angajman pandan tout ane plis ke yon preokipasyon pandan yon sezon.

Sezon ivè ak prentan ki tanpere nan Florid founi yon opòtinite ideal pou evalye, planifye, epi ranfòse preparasyon siklòn pou lakay ou san presyon de yon tanpèt ki pwòch. Pi ba a w'ap jwenn yon apwòch konplè pa trimès de kijan pou fè preparasyon tanpèt pou kay Florid yo.

### Livè (Desanm-Fevriye)

- Revize e aktyalize envantè lakay ou ak foto epi videyo detaye de tout chanm yo, ansanm ak amwa epi espas stokaj yo.
- Egzaminen politik asirans ou pou fè sèten ou gen kouvèti tanpèt ki apwopriye a. Pa egzanp, Citizens pa ofri asirans inondasyon epi inondasyon pa gen kouvèti asirans Citizens yo.
- Planifye enspeksyon pwofesyonèl twati, fenèt, ak pòt yo pou idantifye frajilite potansyèl yo.
- Fè previzyon bidjè pou pèsyèn pou tanpèt oswa fenèt ki reziste a enpak ki an règ a kòd konstriksyon Florid yo.

### Prentan (Mas-Me)

- Koupe pyebwa epi wete branch ki mouri, kenbe branch yo a omwen 10 pye de kay la.
- Netwaye goutyè yo epi tcheke sistèm drenaj yo pou evite dega dlo pandan tanpèt yo.

- Panse enstale pèsyèn pèmanan pou siklòn ki adapte a vitès van Florid yo.
- Chache epi achte yon dèlko si nesèsè, pou asire kapasite apwopriye pou aparèy esansyèl yo.
- Fè mizajou plan evakasyon nan itilize wout ofisyèl yo, epi idantifye plizyè wout sekou.

### Lete (Jen-Out)

- Stoke pwovizyon ijans, tankou dlo, manje ki pa gate, ak medikaman.
- Kreye oswa fè mizajou nan kit ijans ou ak flach, pil, founiti premye swen, ak yon radyo pòtatif.
- Teste pèsyèn yo ak dèlko yo chak mwa pandan sezon siklòn nan.
- Revize zòn evakasyon yo nan konte a ak manm fanmi ou, epi planifye pwen rankont yo.
- Sekirize dokiman enpòtan yo nan veso ki pa pran dlo, epi kreye kopi dijital.

### Otòn (Septanm-Novanm)

- Kenbe preparasyon tanpèt ou yo jiska fen sezon an, epi rete vijilan pou tanpèt nan fen sezon an.
- Byen dokimante nenpòt dega ak foto pou reklamasyon asirans yo.
- Fè planifikasyon estratejik pou lane pwochen an dapre eksperyans sezon kounye a.
- Revize efikasite plan preparasyon an epi fè ajisteman nesèsè.

Kèk amelyorasyon, tankou enstale fenèt enpak oswa ranfòse twati selon kòd konstriksyon Florid yo, ka kalifye pou rabè asirans. Pwopriyetè kay Florid yo ka kalifye tou pou pwogram My Safe Florida Home, ki bay enspeksyon kay gratis pou diminye van ak sibvansyon konpatib pou amelyorasyon kay ki elijib.

Lè ou trete preparasyon siklòn kòm yon pwosesis kontinyèl, ou ka pwoteje kay ou pi byen, redwi strès, epi potansyèlman fè ekonomi lajan atravè mezi prevansyon. Pi enpòtan toujou, w'ap gen lapè lespri lè ou konnen ou prè pou nenpòt difikilte klima ki ka vini.

Pou plis enfòmasyon konsènan preparasyon siklòn oswa pou revize kouvèti ou, vizite [www.citizensfla.com/insurance-101](http://www.citizensfla.com/insurance-101) oswa kontakte ajan Citizens ou an. Rete konoekte ak kontra Citizens ou a nenpòt lè ak nenpòt kote ou bezwen li ak myPolicy. Enskripsyon an fasil ak nimewo kontra ou, Zip kòd, ad adrès imèl ou. Vizite [www.citizensfla.com/mypolicy](http://www.citizensfla.com/mypolicy) jodi a!

## myPolicy: Komodite ki Rete Ak Ou



Jere asirans ou a fasil ak myPolicy de Citizens – pòtay aksè dijital 24/7 ou pou jesyon asirans san traka. Pa gen tann lèt lapòs ankò oswa pase anpil tan nan apèl telefòn. Tout sa ou bezwen kounye a nan pla men ou.

Ou vle konsilte detay asirans ou a minwi? Bezwen fè yon reklamasyon pandan w'ap dejene? myPolicy mete ou an kontwòl. Zouti anliy fasil pou itilizatè sa pèmèt ou:

- Gade ak telechaje dokiman asirans
- Konsilte detay asirans
- Fè pèman anliy
- Soumèt reklamasyon nenpòt moman
- Gen aksè a fakti epi avi
- Ajoute asirans sou kont ou

Kòmanse sa pran sèlman kèk minit. Senpman vizite [myPolicy](http://www.citizensfla.com/mypolicy) ak twa enfòmasyon: nimewo asirans Citizens ou, Zip kòd propriyete ou, ak adrès imèl ki nan dosye Citizens ou. Bezwen aktyalize imèl ou anvan? Senpman kontakte ajan ou oswa vizite paj [Kontakte nou \(Contact Us\)](http://www.citizensfla.com/contact-us) Citizens nan.

\*Tanpri pran not: Citizens ajoute dènyèman pwoteksyon otantifikasyon multi-faktè pou itilizatè yo lè y'ap konekte. Pou plis enfòmasyon, konsilte videyo sou koneksyon nou an ([Getting Logged In](#)).

Pou ede ou pwofite de fonksyonalite sa yo, Citizens founi yon titoryèl fasil pou swiv k'ap gide ou atravè tout bagay soti nan fè pèman rive nan soumèt reklamasyon.

An palan de reklamasyon, lavi kontinye. E pandan sa ap fèt, ou gen opsyon. Ou ka soumèt reklamasyon ou atravè myPolicy nenpòt moman. Senpman rele liy dirèk reklamasyon ki la pou sa nan 866.411.2742, oswa travay dirèkteman ak ajan asirans ou an. Se chwa pa ou.

Rejwenn kominote asire Citizens k'ap grandi ki dekouvri komodite jesyon asirans dijital la. Kreye kont myPolicy ou epi pran kontwòl eksperyans asirans ou jodi a. Li lè pou ou jere asirans ou dapre pwòp kondisyon ou – lè ou vle ak jan ou vle.



# EDE SITWAYEN YO REKONSTWI

Nou Rete Fò pou Kliyan Nou yo Tout Ane A

## OURAGAN DEBBY

Aparisyon tou pre Steinhatchee, ki sitiye nan Big Bend nan Florid ozalantou 6 a.m., nan dat 5 Out.



## OURAGAN HELENE

Aparisyon tou pre Perry, ki sitiye nan Big Bend nan Florid ozalantou 11:25 p.m., nan dat 26 Septanm.



## OURAGAN MILTON

Aparisyon tou pre Siesta Key, ki sitiye nan Kot Gòlf Florid la ozalantou 8:30 p.m., nan dat 9 Oktòb.



KATEGORI 1  
**80** mph

Yon jeneratè lapli lan, onn tanpèt ak gwo lapli te lakoz Debby tranpe tout bagay sou wout li.

KATEGORI 4  
**140** mph

Tanpèt Helen ki mezire apeprè 400 mil nan tout dimansyon li, te lakoz domaj toutotou plizyè santèn mil nan kot Florid la.

KATEGORI 3  
**120** mph

Milton te yon tanpèt ki te pi konpak, ki te lakoz 46 tònad nan Florid. Van fòs tanpèt twopikal la te pwolonje jiska 175 mil de sant tanmèt la.

### SIPO POU KLIYAN

\*As of 08.10.24



**25**

kliyan te resevwa asistans nan 4 Sant Entèvansyon pou Katastwòf yo\*



**5,175**

apèl telefonik te resevwa\*



**272**

reklamasyon te deklare nan myPolicy

### SIPO POU KLIYAN

\*As of 10.05.24



**769**

kliyan te resevwa asistans nan 6 Sant Entèvansyon pou Katastwòf yo\*



**18,402**

apèl telefonik te resevwa\*



**2,471**

reklamasyon te deklare nan myPolicy

### SIPO POU KLIYAN

\*As of 10.20.24



**2,747**

kliyan te resevwa asistans nan 6 Sant Entèvansyon pou Katastwòf yo\*



**59,532**

apèl telefonik te resevwa\*



**8,817**

reklamasyon te deklare nan myPolicy



## Rele Citizens First nan 866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi soukontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET

### Dezabònè

Citizens Property Insurance Corporation  
Oktòb-Desanm 2024 Nimewo 15

## myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365

